

## Ou rate SHSAT a? Ou ka toujou mande pou yon egzamen ratrapaj!

Chè fanmi,

Bòn nouvèl! Si ou rate egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) oswa si ou pa t enskri avan dat limit la, ou ka mande pou pran yon egzamen ratrapaj! **Tanpri sonje** si ou te deja pran SHSAT a ane sa a, ou pa ka pran li ankò.

- **Si w vle enskri**, kontakte konseye lekòl ou a oswa yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) avan delè 20 novanm 2023 a.
- **Ou deja enskri pou egzamen ratrapaj la?** N ap mete elèv ak lekòl okouran lè tikè yo pare pou enprime nan [MySchools](#). Chak tikè elèv gen enfòmasyon sou dat ak lokal egzamen an; jwenn plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/SHS](#).
- **Ou pran egzamen an deja?** Ou fini—pa gen anyen ou bezwen fè pou kounye a. N ap fè fanmi ak lekòl konnen lè rezilta yo disponib nan mwa mas 2024.

Ou gen kesyon? Ale sou [schools.nyc.gov/SHS](#) oswa pale avèk konseye lekòl ou a.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv



**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](#).

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis la.